

YON LÈT PIBLIK POU TOUT IMIGRAN NAN NEW YORK (Nouyòk)

Nou ta renmen rasire w ke ou pa bezwen pè ale kay doktè, nan klinik, nan lopital oswa nan sal dijans. Imigran san papye ka resevwa swen medikal nan New York san yo pa bezwen pè.

The Health and Hospitals Corporation (HHC) se yon kòporasyon ki an chaj tout lopital piblik nan New York City (Vil Nouyòk). Nou gen respè pou ou e nou ta renmen ede w. Moun ki travay nan lopital piblik pap pale ak sèvis imigrasyon, lapolis oswa okenn lòt biwo leta sou eta imigrasyon w lan. Nou pap di okenn moun sa. Sa fè lontan ke kominote a rekonèt ke lopital ak klinik nou yo ofri swen pou tout moun. Lè nou di tout moun, sa vle di imigran ki pa sitwayen oswa rezidan legal ansanm ak moun ki pa gen lajan pou peye pou swen yo resevwa. Angajman nou an solid. Li pa chanje.

Men ki pwomès nou fè tout moun ki san papye isit la :

HHC VA RESPEKTE DWA KONFIDANSYALITE OU YO. N AP KENBE TOUT ENFÒMASYON OU YO KONFIDANSYÈL SOU SA KI KONSÈNE ETA IMIGRASYON W LAN.

Se dwa w pou ou resevwa bon kalite swen medikal. Pa kite laperèz anpeche ni ou ni pitit w yo resevwa sèvis swen medikal ke ou bezwen. W ap jwenn lopital piblik nou yo, sant swen medikal nou yo ak klinik nou yo toupatou nan New York City (Vil Nouyòk). Sante w enpòtan pou doktè nou yo, enfimyè nou yo ak lòt tekniksyen swen medikal nou yo. Yo pale plizyè lang. Anpil nan yo se imigran oswa pitit imigran. Yo vle rann ou sèvis ak tout respè. Y ap pwoteje entimite w.


Majorite timoun ak fi ansent ka resevwa asirans sante. Ou ka menm genyen asirans sante menm si ou pa imigran legal. Anplwaye HHC ka ede w resevwa asirans ou bezwen an. Si w pa gen asirans e ou limite sou sa ou ka peye pou swen sante an, HHC va ede w kanmenm. Sa w ap gen pou peye a ap baze sou mezi pòch ou e sou konbyen moun ki nan fanmi w. Anplwaye lopital piblik oswa klinik gen pou yo mande w kèk enfòmasyon pou yo ka konnen sa w ap gen pou peye. Y ap mande w pote prèv sou revni w. W ap bezwen prèv kote ou abite ak kèk pyès idantite epi dat nesans ou. N ap kenbe tout enfòmasyon sa yo sekrè. L ap rete konfidansyèl.

Regleman nou trè klè. Okenn anplwaye HHC pa ka bay okenn LÒT MOUN enfòmasyon medikal ou. Tout anplwaye nou yo konnen si yo pa respekte pwomès sa a, y ap ka pèdi travay yo. Nou konprann se sèl mwayen pou ou pa pèdi konfyans nan nou. Nou konnen fòk ou gen konfyans nan nou pou nou ka bay ni ou ak ni fanmi w bon kalite (jan) sèvis medikal.

Ou ka rele 311 oswa ale nan www.nyc.gov/hhc pou lis tout lopital ak klinik HHC yo. Ou ka voye yon mesaj bay Alan Aviles, prezidan HHC oswa Fatima Shama, komisè majistra sou zafè imigrasyon.



Alan D. Aviles, Prezidan
New York City Health and Hospital Corporation



Fatima Shama, Komisè
Mayor's Office of Immigrant Affairs

Bronx

Jacobi Medical Center

1400 Pelham Parkway South
Bronx, New York 10461
718-918-5000

Lincoln Medical & Mental Health Center

234 East 149th Street
Bronx, New York 10451
718-579-5000

Morrisania Diagnostic & Treatment Center

1228 Gerard Avenue
Bronx, New York 10452
718-960-2777

North Central Bronx Hospital

3424 Kossuth Avenue
Bronx, New York 10467
718-519-5000

Segundo Ruiz Belvis Diagnostic & Treatment Center

545 East 142nd Street
Bronx, New York 10454
718-579-4000

Brooklyn

Coney Island Hospital

2601 Ocean Parkway
Brooklyn, New York 11235
718-616-3000

Cumberland Diagnostic & Treatment Center

100 North Portland Avenue
Brooklyn, New York 11205
718-260-7500

Dr. Susan Smith McKinney Nursing & Rehabilitation Center

594 Albany Avenue
Brooklyn, New York 11203
718-245-7000

East New York Diagnostic & Treatment Center

2094 Pitkin Avenue
Brooklyn, New York 11207
718-240-0400

Kings County Hospital Center

451 Clarkson Avenue
Brooklyn, New York 11203
718-245-3131

Woodhull Medical & Mental Health Center

760 Broadway
Brooklyn, New York 11206
718-963-8000

Manhattan

Bellevue Hospital Center

462 First Avenue
New York, New York 10016
212-562-4141

Coler Goldwater Specialty Hospital

Roosevelt Island
New York, New York 10044
212-848-6000

Gouverneur Healthcare Services

227 Madison Street
New York, New York 10002
212-238-7000

Harlem Hospital Center

506 Lenox Avenue
New York, New York 10037
212-939-1000

Metropolitan Hospital Center

1901 First Avenue
New York, New York 10029
212-423-6262

Renaissance Health Care Network Diagnostic & Treatment Center

215 West 125th Street
New York, New York 10027
212-932-6500

Queens

Elmhurst Hospital Center

79-01 Broadway
Elmhurst, New York 11373
718-334-4000

Queens Hospital Center

82-70 164th Street
Jamaica, New York 11432
718-883-3000

Staten Island

Mariner's Harbor Family Health Center

Forest Plaza Shopping Center
2040 Forest Ave
Staten Island, NY 10303
718-761-2060

Sea View Hospital Rehabilitation Center & Home

460 Brielle Avenue
Staten Island, New York 10314
718-317-3000

Stapelton Family Health Center

Tappan Park
111 Canal Street
Staten Island, NY 10304
718-390-0712

